SALÈ MINIMÒM NAN FLORID
Avi pou Anplwaye yo

Apati 30 septanm 2025, salè minimòm Florid la pral $14.00 pou chak èdtan, ak yon salè minimòm omwen $10.98 pou chak èdtan pou anplwaye ki resevwa gratifikasyon, anplis gratifikasyon yo, jiska 29 septanm 2026.

Nan dat 3 novanm 2020, votè Florid yo te apwouve yon amannman konstitisyonèl eta a ki otorize pou gradylman ogmante salè minimòm eta a chak ane jiskaske yo rive $15.00 pou chak èdtan nan dat 30 septanm 2026. Nan dat 30 septanm 2025, salè minimòm Florid la pral ogmante a $14.00 pou chak èdtan. Chak ane apre sa, salè minimòm Florid la ap ogmante a $1.00 jiskaske salè minimòm lan rive $15.00 pou chak èdtan nan dat 30 septanm 2026. Rekomanse nan ane 2027, salè minimòm lan pral ajiste chak ane pou enflasyon.

Yon anplwayè pa ka vanje kont yon anplwaye paske li egzèse dwa li pou resevwa salè minimòm lan. Dwa Konstitisyon ke Eta Florid la pwoteje gen ladann dwa pou:

- Depoze yon plent kont swadizan enkonfòmite yon anplwayè ak egzijans salè minimòm legal.
- Enfòme nenpòt moun sou swadizan enkonfòmite yon anplwayè ak egzijans salè minimòm legal.
- Enfòme tout moun sou dwa potansyèl li daprè Seksyon 24, Atik X Konstitisyon Eta a epi ede moun nan deklare dwa sa yo.

Yon anplwaye ki pa te resevwa salè minimòm legal la apre li te fin avize anplwayè li epi li bay anplwayè a 15 jou pou rezoud nenpòt reklamasyon pou salè ki pa peye ka pote yon aksyon sivil nan yon tribinal kont yon anplwayè pou rekipere salè yo, plis domaj ak frè avoka.

Yon anplwayè yo ta kenbe kap vyole kondisyon salè minimòm yo entansyonèlman, sijè a yon amann $ 1,000 pou chak vyolasyon, ke li dwe peye bay Eta a. Avoka Jeneral la, oswa lòt ofisyèl ke Lejislati a deziyen, ka pote yon aksyon sivil pou ranfòse salè minimòm lan.

Pou plis detay, gade Seksyon 24, Atik X Konstitisyon Eta Florid la, ak seksyon 448.109 ak 448.110, Lwa Florid yo.

An equal opportunity employer/program. Auxiliary aids and service are available upon request to individuals with disabilities. All voice telephone numbers on this document may be reached by persons using TTY/TTD equipment via the Florida Relay Service at 711.